



KHUTBAH JUMAT BAHASA JAWA

NGENTENGAKEN BEBAN SESAMI MUSLIM

Abdul Halim Tri Hantoro, S.Pd.I

Dilengkapi dengan pembukaan khutbah dan doa penutup khutbah

[GRATIS] LANGGANAN MATERI KHUTBAH FORMAT PDF

Segera hubungi WA admin dakwah.id

0895-8060-18090

www.dakwah.id

@dakwahid

@igdkwh

Yuk,
dukung
dakwah.id
dengan
berbelanja buku
di sini

www.bukubagus.id

Ingin berlangganan materi khutbah Jumat
yang akan langsung dikirim
ke nomer WhatsApp?

Caranya mudah.

Sentuh nomor WhatsApp berikut ini:

0895-8060-18090

Atau, bisa juga langsung chat WA ke nomor di atas.

NGENTENGAKEN BEBAN SESAMI MUSLIM

Pemateri: Abdul Halim Tri Hantoro, S.Pd.I

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ الَّذِي نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا مَنْ يَهْدِهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلٌّ لَهُ وَمَنْ يُضْلِلُ فَلَا هَادِيَ لَهُ أَشْهُدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهُدُ أَنَّ مُحَمَّداً عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ

اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبَعَهُمْ إِيمَانًا إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ. أَمَّا بَعْدُ عِبَادَ اللَّهِ، أُوصِيُّكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ حَيْثُ قَالَ تَبَارَكَ وَتَعَالَى، أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ :

يَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَ مِنْهُمَا رِجَالًا كَثِيرًا وَنِسَاءً وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقًّا تُقَاتَهُ وَلَا تَمُؤْنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا يُصْلِحُ لَكُمْ أَعْمَالَكُمْ وَيَغْفِرُ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَمَنْ يُطِعِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ فَازَ فَوْزًا عَظِيمًا

فَإِنَّ أَصْدَقَ الْحَدِيثِ كِتَابُ اللَّهِ، وَخَيْرُ الْهُدَى هُدُى مُحَمَّدٌ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ، وَشَرُّ الْأُمُورِ مُحْدَثَاهَا، وَكُلُّ مُحْدَثَةٍ بِدُعْعَةٍ وَكُلُّ بِدُعْعَةٍ ضَلَالَةٌ، وَكُلُّ ضَلَالَةٍ فِي التَّارِ. أَمَّا بَعْدُ

Puji lan syukur katuraken dhumateng ngarsanipun Allah *subhanahu wata'ala* Dzat kang maringi tumrap hambanipun pinten-pinten kenikmatan, sahingga kanthi nikmat kalawau kulo panjenengan sami saget tansah ibadah wonten panggesangan sak meniko.

Shalawat lan salam mugi tansah katetepna dhumateng junjungan kita Rasulullah Muhammad *shallallahu 'alaihi wasallam*, sumrambah dhateng kaluwarganipun para sahabat, ugi para penderekipun dumugi dinten kiamat. Amin

Khatib tansah caos pepenget kangge sedaya jamaah Jumat supados ningkataken iman lan takwa dhumateng Allah Ta'ala, awit takwa mujudaken sangu ingkang paling sae rikalanipun ngadhep dhumateng Allah.

Allah Ta'ala paring pangandikan ing surat Ali Imran ayat 102,

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقًّا تُقَاتَهُ وَلَا تَمُوْنَ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

“He para wong Mukmin kabeh, sira padha wedia ing Allah kalawan sajatining wedi, lan sira aja padha mati, kajaba mati Islam.”

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Salah setunggal kautaman wucalan Islam ing panggesangan menungso inggih punika ajaranipun ingkang kasipat sosial wonten sisi mboten naming nggalih lan ngurus piyambak, ananging tiyang muslim kedah ugi nggalihaken kawontenan sadherek-sadherek muslim sanesipun.

Nyukani kelapangan dhateng tiyang ingkang *shallallahu 'alaihi wasallame* ngalami kesempitan lan kasisahan. Nulung sesami sadherek inggih menika perkawis ingkang dipun anjuraken.

Jalaran menungso menika makhluk sosial, maksudipun mboten saget gesang wonten alam donya kanthi sae kejawi mbetahaken pitulungan utawi uluran tangan sanes.

Sok sinteno ingkang nulung sadherekipun ingkang kasisahan, mila Allah *subhanahu wata'ala*. badhe maringi pitulungan nalika piyambakipun angsal kesisahan mbenjang ing dinten kiyamat.

Dalil umum bab menika, Firmanipun Allah *subhanahu wata'ala* wonten al-Quran,

وَأَحْسِنُوا إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُحْسِنِينَ

“...*lan sira kabeh padha tumindako becik saktemene Allah remeni tiyang kang tumindak becik.*” (QS. Al-Baqarah: 195)

Lan firmanipun Allah *subhanahu wata'ala* wonten al-Quran,

إِنَّ اللَّهَ مَعَ الَّذِينَ اتَّقُوا وَالَّذِينَ هُمْ مُحْسِنُونَ

“*Estu, Allah kaliyan tiyang-tiyang ingkang takwa lan tiyang-tiyang ingkang lampahi kesaenan.*” (QS. An-Nahl: 128)

Wonten ing hadits, Rasulullah *shallallahu 'alaihi wasallam* paring sabda, kadosipun diriwayataken Imam Muslim hadits nomer 2699,

مَنْ نَفَسَ عَنْ مُؤْمِنٍ كُرْبَةً مِنْ كُرْبَةِ الدُّنْيَا، نَفَسَ اللَّهُ عَنْهُ كُرْبَةً مِنْ كُرْبَةِ يَوْمِ الْقِيَامَةِ،

“*Sinten ingkang ngentengaken setunggal kasisahan saking pinten-pinten kasisahan donya setunggaling tiyang mukmin, Allah badhe ngentengaken saking piyambakipun setunggal kasisahan saking kathah kasisahan wonten ing dinten kiamat.*”

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Wonten hadits kang sampun kasebat ing nginggil, bilih Rasulullah *shallallahu 'alaihi wasallam* sampun nerangaken menawi balesan ingkang ajeng dipun tampi salah setunggaling tiyang puniku cocog kaliyan reni amalan ingkang dipun lampahaken.

Tiyang kang purun ngentengaken kasisahan tiyang mukmin wonten donya menika mila Allah badhe ngentengaken kesusahanipun wonten

akhirat mangke.

Setunggaling tiyang ngicalaken kasisahan mukmin sanes wonten donya puniki mila Allah *subhanahu wata'ala* badhe ngicalaken kesusahanipun wonten akhirat mangke.

Setunggaling tiyang nggampilaken kesisahan ingkang njiret tiyang mukmin sanes, mila Allah *subhanahu wata'ala* badhe nggampilaken urusanipun wonten donya lan akhirat. Lan menawi setunggaling tiyang nulung sadherekipun sesami tiyang mukmin, mila Allah *subhanahu wata'ala* badhe nulungi piyambakipun .

Imam Ibnu Rajab Al-Hanbali wonten ing kitabipun *jamiul 'ulum wal hikam* nggadhahi penjelasan sae masalah menika. Ngedikanipun, *al-Kurbah* (kasisahan) inggih punika tekanan awrat ingkang ndadosaken salah setunggaling tiyang rekaos lan sedih.

At-Tanfis tegesipun inggih punika usaha kangge ngentengaken kasisahan kasebat saking tiyang ingkang ngalami. Dene *at-Tafrij* inggih punika ngicalaken kasisahan kasebat ngantos kesedihan lan kesusahanipun sirna.

Ganjaran kangge tiyang kalawau inggih punika Allah *subhanahu wata'ala* badhe ngentengaken kesusahanipun. Lan ganjaran ngicalaken kasisahan tiyang sanes inggih punika Allah *subhanahu wata'ala* badhe ngicalaken kesusahanipun. Menika kang diarani kados wonten ing kaedah *Al-Jaza' min Jinsil Amal* (balesan menika sepadan kaliyan amalanipun).

Landasanipun kados firmanipun Allah *subhanahu wata'ala* wonten al-Quran surat Thaha ayat 124-126,

وَمَنْ أَعْرَضَ عَنْ ذِكْرِي فَإِنَّ لَهُ مَعِيشَةً ضَنْكاً وَنَخْشُرَهُ يَوْمَ الْقِيَمَةِ أَعْمَىٰ . قَالَ رَبِّ لِمَ حَشَرْتَنِيْ أَعْمَىٰ وَقَدْ كُنْتُ بَصِيرًا . قَالَ كَذِلِكَ أَتَشَكَّ أَيْثُنَا فَنَسِيَتَهَا وَكَذِلِكَ الْيَوْمَ تُنسَىٰ

“Dene sapa kang mungkur saka pepeling Ingsun, mangka dheweke bakal entuk penguripane kang sarwa rupeg. Sarta Ingsun bakal nggiring dheweke ana ing dina Qiyamat kalawan wuta. Dheweke matur, ‘Dhuu Pangeran! Kados

pundi paduka ngempalaken kawula kok wuta, ing mangka rumiyin kawula punika awas? Dhawuhing Allah, ‘Kang mangkono iku jalaran Ayat-ayatLingsun wus tumeko marang sira, ananging sira liwakake. Mangkono uga sira ana ing dina iki dilalekake (ana ing Neraka).’”

Sinten mawon tiyang wonten alam donya nglalekaken dhawuh-dhawuh Allah subhanahu wata’ala, mesok ing dina kiyamat Allah subhanahu wata’ala bakal nglirwakake piyambakipun, tegese mboten diparingi pitulungane Allah subhanahu wata’ala.

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Ing antawise conto tumindak kang klebet ngenthengaken kasisahan tiyang sanes wonten urusan donya nggih punika paring pambyantu sedherek kang kelilit utang.

Langkung-langkung menawi tiyang menika utang kangge nutupi kabetahan sak dinten-dinten, sae sandang, pangan lan papan sanes utang kangge nuruti gaya hidup.

Tumindak menika terpuji jalan klebet ingkang di ngedikakaken wonten al-Quran surat an-Nisa’ ayat 85,

مَنْ يُشْفَعْ شَفَاْعَةً حَسَنَةً يَكُنْ لَّهُ نَصِيبٌ مِّنْهَا وَمَنْ يُشْفَعْ شَفَاْعَةً سَيِّئَةً يَكُنْ لَّهُ كِفْلُ مِنْهَا وَكَانَ
اللَّهُ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ مُّقِيمًا

“Sapa kang tetulung kalawan pitulungan kabecikan, mesthi bakal tampa ganjaraning kabecikan iku, lan sapa kang tetulung prakara ala, hiya bakal melu nanggung alane iku. Allah iku kang Kuwasa anjaga marang sakabehing shallallahu ‘alaihi wasalla miji-wiji.”

Utawa ugi kang klebet ngicalaken kasisahan tiyang sanes inggih punika nyukani nasehat tiyang mukmin sanes nalika terjerumus wonten dosa lan maksiyat, jalaran dosa lan maksiyat menikalaha saestune kang damel susah gesange tiyang nopo maleh ingkan beriman.

Rasulullah shallallahu 'alaihi wasallam paring sabda kadosipun diriwayataken Imam ath-Thabarani wonten ing kitab Mu'jam al-Ausath hadits nomer 649,

أَنْصُرْ أَخَاكَ ظَالِمًا أَوْ مَظْلُومًا إِنْ كَانَ ظَالِمًا فَرَدُّهُ وَإِنْ كَانَ مَظْلُومًا فَخُذْ لَهُ

"Tulungona sedulur sira kabeh ingkang lampah zalist lan ingkang dipun zalimi. Bilih kang lampah zalist mila tahanen saka tumindake lan bilih piyambakipun dizalimi mila wangsulaken hakipun."

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Mekaten khutbah ingkang saget kawulo aturaken, mugi saget dados pitutur kang manfaat lan nasehat kang minulya kagem khotib pribadi lan jamaah samudayanipun.

أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ لِي وَلِكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ مِنْ كُلِّ ذَنْبٍ، فَاسْتَغْفِرُوهُ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ.

KHUTBAH KEDUA

الْحَمْدُ لِلَّهِ وَكَفَى، وَأَصْلَى وَأَسْلَمَ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ الْمُصْطَفَى، وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ أَهْلِ الْوَفَا.

أَشْهُدُ أَنَّ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهُدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ

أَيُّهَا النَّاسُ، اتَّقُوا اللَّهَ، وَافْعُلُوا الْخَيْرَاتِ، وَاجْتَنِبُوا السَّيِّئَاتِ. إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى الَّتِي يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلَوَاتٌ عَلَيْهِ وَسَلَامٌ وَتَسْلِيمٌ.

اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى وَاللَّهِ وَاصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ وَارْضَ عَنَّا
مَعَهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْزَقَ الْرَّاحِمِينَ

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمَنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءَ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، إِنَّكَ قَرِيبٌ مُحِبِّبٌ
الدُّعَوَاتِ.

رَبَّنَا لَا تُؤَاخِذنَا إِنْ نَسِيَّاً أَوْ أَخْطَأْنَا رَبَّنَا وَلَا تُخْمِلْ عَلَيْنَا إِصْرًا كَمَا حَمَلْتُهُ عَلَى الَّذِينَ مِنْ قَبْلِنَا رَبَّنَا
وَلَا تُخْمِلْنَا مَا لَا طَاقَةَ لَنَا بِهِ وَاعْفُ عَنَّا وَاغْفِرْ لَنَا وَارْحَمْنَا أَنْتَ مَوْلَانَا فَانْصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ الْكَافِرِينَ
رَبَّنَا اغْفِرْ لَنَا وَلِإِخْرَوْنَا الَّذِينَ سَبَقُونَا بِالْإِيمَانِ وَلَا تَجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا غِلَّا لِلَّذِينَ آمَنُوا رَبَّنَا إِنَّكَ رَءُوفٌ
رَّحِيمٌ.

سُبْحَانَ رَبِّكَ رَبِّ الْعِزَّةِ عَمَّا يَصِفُونَ وَسَلَامٌ عَلَى الْمُرْسَلِينَ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ.

عِبَادَ اللَّهِ! إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ، وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَا عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ، وَالْبَغْيِ
يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ، وَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَدْكُرُكُمْ، وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعْمَتِهِ يَرْدُكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ، أَقِيمُوا
الصَّلَاةَ.